

FÈT PYEBWA

AK: MAX MANIGAT

Jou ki te premye jen 1963, woutye Gwoup Sen Jòj (*Groupe Saint-Georges*) yo te reyini Ti Plas Kazo, pou yo te patisipe nan youn seremoni pou fèt pyebwa agwonòm distrik la t' ap òganize. Nou te resevwa youn envitasyon paske nou te konmanse youn pwojè kote nou t' ap montre abitan yo youn mwayen pou yo fabrike blòk ak zèb chèch melanje ak ajil. Sa te mache byen paske premye kay la te deja monte. Sa nou pa t' konnen se afè politisyen ki te wè ki jan yo ta kapab fè dap-piyan sou pwojè a. Rive nou te rive, nou te wè anplasman kote nou t' ap fè blòk yo dekore ak papye koulè ble e wouj plis pòtre Divalye. Nou te santi magouyé te rantr nan jwèt la.

Nou te la an inifòn avèk omonye nou Pè Antwàn Adriyen lè agwonòm nan konmanse reyinyon-an. Li di de mo an move kreyòl epi li distibye bay abitan yo un fèy ki ganyen ekri sou li: "*La prière de l'arbre*" avèk "*Le serment de l'arbre*". Li grate gòj li epi li derape :

LA PRIÈRE DE L'ARBRE

*« Homme,
Je suis la vie de ton foyer
L'ombrage sous lequel tu te reposes
Quand le soleil brûlant t'accables ;*

*Je suis la charpente de ta maison
La planche de ta table*

*Je suis le lit dans lequel tu dors,
La paille dont tu fais ta natte
Et le bois dont tu fais ton canot ;*

*Je suis la manche de ta houe
Et la porte de ton enclos ;*

*Je suis le bois de ton berceau
Et de ton cercueil ;*

*Je suis ton pain quotidien, la richesse
De ton pays et la fleur de sa beauté*

*Je suis ton café, ton coton, ta banane,
Ton gaiac et ton acajou*

*Je suis ta canne-à-sucre et ton campêche
Ton « arbre véritable » et ton manguier ;*

Je suis ton palmiste sacré !

*Plante-moi, conserve-moi, soigne-moi,
Épargne-moi !*

Ne me détruis pas ... »

Figi abitan yo te rete byen mòksis. Zye yo tankou pa moùn ki vle dòmi. Youn chèf boukman ki te la komanse bat bravo. Abitan yo fè de kou tou men sete kankou yo te chwal la yo te fòse travèse larivyè-a men ki te refize bwè dlo.

Agwonòm nan pa te konprann mesaj la. Li mande abitan yo pou leve men dwat yo pou yo repete sèman sila li pral li an franse :

SERMENT DE L'ARBRE

« Je jure devant Dieu et devant les hommes, de défendre et de protéger l'Arbre contre les mutilations, l'incendie, les dégâts des insectes et des animaux, par tous les moyens en mon pouvoir, aujourd'hui et pendant toute ma vie. Je jure d'aimer et de soigner l'Arbre de toute mon intelligence, de toute mon énergie et de répandre ce culte chez moi, chez mes voisins et partout où je serai. »

Woutye Sen Jòj yo avèk youn abitan ki te konn mamote franse repete sèman-an.

Pandan aktivite sa yo t' ap pase, Pè Adriyen mande-m si ta kapab tradui de tèks sa yo an kreyòl. Mwen reponn m'ka eseye. Anba youn tonnèl pay kokoye, abitan Ti Plas Kazo yo te monte youn tab ak kèk ban. Mwen chita, mwen degaje-m kou mèt Jan Jak. Men sa m' te renmèt:

LAPRIÈRE PYEBWA*

Nèg,
Mwen menm pyebwa,
Se mwen ki lavi nan kay ou

Lonbraj kote w-poze kò-w
Lè solèy la cho sou tèt ou

Mwen se chapant pou bati kay
Planch pou tab

Se bwa-m ki fè kabann
Pay mwen ki fè nat
Bwa-m konn fè kannòt tou

Manch wou, manch kouto digo se mwen
Bwa pou lantouraj se mwen tou

Mwen bon pou fè bèso timoùn
Sèkèy pou mò

Se mwen ki manje chak jou-a, richès peyi-a
Flè tout koulè ki fè-l si bèl

Se mwen ki kafe, koton, bannann,
Gayak, pye kajou

Se mwen menm ki kann, ki kanpèch
Lanm veritab, pye mango

Se mwen tou ki palmis lalibète !

Koute sa m'di, nèg
Se mwen ki mare ren latè
Pou lavalas pa fin bwote-l

Adje nèg ! pa fè wondonmon
Plante-m, okipe-m, bere-m
Ban-m youn chans nèg

Tanpri souple! pa koupe-m mal.»

M' ap dakò mwen pa tradui twa dènye vè franse yo jan yo te parèt la men mwen te vle pale ak abitan yo pou pawòl yo te rantr nan kè yo. Bravo ki kouvri lekti tradiksyon kreyòl la ban-m rezon. Agwonòm, chèf boukman, menm youn minis gouvènman-an ki te vin pran woulib sou travay woutye yo, yo tout te rete baba. Mwen chennen : « Zanmi kanmarad abitan, leve men dwat nou epi repete apre mwen. »

SÈMAN PYEBWA

<<Mwen fè sèman devan Bon Dye, mwen fè sèman devan lezòm, pou m'pwoteje pyebwa, pou m'pa kite yo maltrete yo, boule yo mal, pou m'pa kite zannimo ak bèt devore yo ; pou mwen kenbe tout pwomès sila yo, tout jan mwen kapab, jodi-a ak pandan tout vi-m. Mwen fè sèman pou m' renmen pyebwa ak tout kouray mwen epi tou pou m' mande tout moùn pou yo fè tankou mwen lakay, nan vwazinay ak toupatou kote m' pase. »

Apre m' fin pale, chèk boukman nan pran kòn nan. Li deklare se premye fwa yo te wè bòskout nan kanton-an. Li te manti kou chen. Li mande abitan pou yo rele viv Divalye, viv minis la. Li bay gwo chèf la lapawòl.

Msyè blablabla kont li. Li pwomèt abitan yo pou travo piblik pote blòk siman ak tou sa yo bezwen pou kontinye bati kay. Mouvman koperativ la nou te konmanse devlope-a pa ta kapab kontinye nan kondisyon sa yo.

Anvan l' monte nan machin li pou l' ale, minis la rele-m pou li fè-m konpliman. Li mande-m pou mwen ba li tradiksyon yo pou ministè li-a kapab publiye yo. Mwen sable. Mwen ba-l youn boulòk konmkidire sa m' sot li yo se bwouyon yo ye. Kou m' ta fin mete yo opwòp m' t' ap pote yo nan biwo-l. Msyè fèk kare ap tann ...

Devan tout konmedi sa a, woutye yo te deside pou yo lage pwojè a. Nou vin tande apre, travo piblik bati yon kay an blòk siman ase. Youn jou konsa, yo kraze raje. Abitan yo pa janm tande bwi yo ankò.

* An 1963 òtograf GREKA pa t' ko egziste. Se nan youn òtograf ki sanble ak franse-a mwen te ekri tradiksyon yo. © Max Manigat 2006

Nou fè Maks konpliman pou kokennchenn dokiman sila-a. Depatman edikasyon nasyonal ta gendwa mete "sèman" sila-a nan pwogram etid tout lekòl primè yo, lekòl kominal yo ak pwogram alfabetizasyon nan peyi-a depi yo bay otè-a kredi pou bèl tradiksyon sa-a.



Prezidan René Garcia Préval nan Joseph Caleb Center - Miami

Prezidan RENE GARCIA PREVAL nan Caleb Center pou youn ti koze <je nan je> ak kominote-ayisyen-an. Sal la te plen kon ze ki eklate. Deyò-a te gen plis pase 300 lòt moùn ki pa te jwenn plas. Ansyen Konsil ak Anbasadè Ayisyen nan peyi Jamayik-la *Gabriel Augustin* te mande kèk atis ayisyen pou te pote patispasyon patriyotik yo nan moman istorik sa-a. Se Sosyete Koukouy ki te gen privilej la.

Apre Yolande Thomas fin Chante im nasyonal la an Kreyòl (Vèsyon Pyè Aman ak Jera Jan Jis), sal la te tranble ak aplodisman. Marcel Alexis prezante youn omaj pou drapo ble-e-wouj-la ak youn chante tou nèf: <<An n' fè drapo nou flote>> Marcel te resevwa youn bravo byen djanm ki te chofe sal la. Epi se te Wanègès ki te fann fwa tout moùn ak powèm <Ayiti>.

Wanègès, <Poète de l'année> pou mwa eritaj ayisyen 2006 inisyativ Emeline Alexis direktè-Fondatè <<Haitian Cultural Society>>. Ingrid LLera rantr ak youn salitasyon kote tout moùn kalma pou apresye youn vwa mistik chaje ak gangans. Se nan mitan bèl anbyans kiltirèl sa-a, Prezidan Preval vin parèt. W'a bwòdè paw! ak youn demi souri satisfaksyon dezavwa li mitan zanmi ak fanatik. Pa te gen dezòd. Tout moùn konpòte an moùn debyen. Men sal la te chofe chak fwa Prezidan-an dekache youn moso lespwa. Se te youn bravo san rete. De mesaj enpòtan Prezidan an te ensiste sou yo: Li di :Nou se pitit peyi-a tou. Nou kontribibye 1/3 nan richès peyi-a... se nòmal pou nou patisipe nan vi peyi-a. Lòt mesaj la se:<< An n' pote kole pou nou sove Ayiti cheri ki bezwen tout pitit li yo>>. Kiki Wainwright ki te chante Alapasay ak chante ki te loreya nan konkou pou mwa Eritaj Ayisyen-an <<Ti peyi-m nan>> Pawòl chante Kiki yo touche nanm prezidan jouk nan diskou li fè sitasyon youn tranche nan chante Kiki-a ki mande pou nou mete tèt ansanm.

Sosyete Koukouy te prepare youn koreografi espesyal sou direksyon Nancy St. Léger ak Robinson Clotaire. Dansè Koukouy yo ak Manno Mérisier te okipe sèn nan ak youn mesaj, ki youn maryaj, chante afriken, dans sou rit afriken ak youn powèm ki fè nou sonje rasin nou.

Youn sware san ensidan. Youn sware moùn debyen. Ni prezidan, ni minis, ni Depite ak Senatè ki te akonpaye Prezidan-an soti satisfè. Youn lòt fwa ankò, nou swete Prezidan Preval ak tout ekip gouvènman-an: Bòn Chans!

MARCEL ALEXIS ENVITASYON

finalman jou-a rive. Se Dimanch 2 Jiye nan Sant Kiltirèl Mapou, Fanatik Marcel Alexis yo pral vin rankontre nan Sant Kiltirèl Mapou pou Vant Siyati dènye CD Marcel-la <<An n' Fè Drapo-a Flote>>

Marcel, konpozitè, mizisyen, powèt, gitaris renmèsye nou deja pou prezans nou. CD-a gen 18 lòt chante ladann. Youn pi bon, pi anfòm pase lòt. Li pa chè. \$10.00 senpman. Sant Kiltirèl Mapou
5919 NE 2nd Avenue, Miami Fl. 33137
Tel: 305-757-9922 oubyen 305 233-7215

Mwen se youn nonm ki lib
Mwen pa gen chenn ni baboukèt ki mare-m
Mwen toujou di sa m' vle di
Mwen ekri sa m' dwe ekri
Depi se pou m' defann dwa moùn nan peyi-m.
Mwen konnen lavi chak moùn chaje ak devwa
Ki mache tèt kole ak dwa li genyen,
Devwa li dwe ranpli, men pi souvan li pa konnen,
Tankou devwa pou l' fè sa l' dwe fè,
Devwa pou l' di laverite, tout laverite
Paske laverite, anverite, fèt pou pale

In: Rèl Solèy
Patrick Norzeus